# QARAQALPAQSTAN SHARAYATÍNDA JAŃA SHÓP DENELI DEKORATIV ÓSIMLIKLERDI INTRODUKCIYA ETIW

**Uteniyazov A. Tajimuratova Sh. Eshmuratov R.A.**
**Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı**

Ósimlikler ıntrodukcıyası-ámelyatta paydalanatuǵın ósimlikler resursların bayıtıw usıllarınan biri bolıp biologiya pánleriniń jetiskenliklerinen kompleks paydalanıwdı talap qıladı.

Ósimlikler introdukciyası eksperimental botanika hám ósimliklerdiń ekologik fiziologiyası menen úzliksiz baylanıslı, sebebi bul pánlerdiń jetiskenlikleri introdukciya qılınǵan ósimliklerdi jańa ózgergen ortalıq sharayatlarına maslastırıwda úlken áhmiyetke iye.

Introdukciya aldın jergilikli teretoriyalarda ushıramaǵan ósimlik túrleri yaki sortların alıp kelip jetilistiriw (latınsha-indtroduction-kirisiw) bolıp esaplanadı.

Házirgi kúnde insan salamatlıǵına qáwip salıwshı kesellik túrleriniń artıp barıwı ósimlik shiyki ónimleri tiykarında alınatuǵın tábiyiy preparatlarǵa bolǵan mútájliktiń jıldan-jılǵa artıwına alıp kelip qımbat baha dárilik ósimliklerdiń biologik hár túrliligin saqlaw hám dárilik ósimliklerdi introduksiya qılıw processlerin jetilistiriwge úlken itibar qaratılmaqta. Ásirese kópshilik dárilik ósimlikler ónimleri jetispewshiligi perspektiv dárilik ósimlik túrlerin tańlaw hám olardı jetilistiriwdiń mas agrotexnik jumısların islep shıǵıwdı talap etpekte.

Respublikamız suwǵarılatuǵın jerlerdiń túrli dárejede shorlanǵanlıǵın, qurǵaqshılıq hám shólleniw protsessiniń kúsheyip baratırǵan dáwirinde jańa hám perspektivalı ósimliklerdi izlep tabıw, olardıń biologiyalıq, fiziologiyalıq hám

bioximiyalıq ózgesheliklerin úyreniw, arnawlı topıraq - klimat sharayatlarına kónliktiriw hám olardan únemli paydalanıwdı jolǵa qoyıwdı talap etpekte.

Qaraqalpaqstan sharayatında perspektivalı dárilik ósimliklerdiń bioekologik qásiyetlerin anıqlaw introdukciyasın ámelge asırıw hám jetilistiriwdiń agrotexnik jumısların islep shıǵıw úlken áhmiyetke iye ekenligin kórsetedi.

Ósimlikler introdukciyasınıń dáslepki basqıshlarında olardıń ósiwi hám rawajlanıwı, olarda keship atırǵan morfologiyalıq, fiziologiyalıq processler, repraduktiv biologiyasına baylanıslı fundamental izertlewler hámde jańa ortalıq shárayatlarına iykemlesiw múmkinshiliklerin úyreniw boyınsha izleniwlerge úlken itibar qaratıladı. Introdukciyanıń keyingi basqıshlarında seleksion-genetik izertlewler tuqımshılıq hám perspektiv ósimliklerdi ajıratıp alıp olardı massalıq túrde jetilistiriw hám de biomassasın qayta islep shıǵıw máselesi sheshiledi.

Introdukciya etilgen ósimliklerdiń jańa sharayatqa qanday dárejede iykemeskenligi eń aldın olardıń ósiwi hám rawajlawında keyin ala gúllewi hám tuqım beriwinde kórinedi.

Biz óz izertlewlerimizde Qaraqalpaqstan sharayatında Sarıgúller tuqımlasına tiyisli jańa introducent ósimlikler *Gaillardia aristata* Pursh hám *Coreopsis lanceolata* L. ósiwi hám rawajlanıwınıń máwsimlik ózgerislerin úyrendik.

*Gaillardia aristata* Qubla hám Arqa Amerikanıń jabayı tábiyatında ósedi.

Gaillardia tuwısı wákilleri qurǵaqshılıqqa shıdamlı bir hám kóp jıllıq shóp deneli ósimlikler bolıp, XVIII ásirde jasaǵan fransuz botanigi Gailyar de Charentonus atı menen atalǵan.

Gaillardianıń bálentligi 30 dan 75 sm ge deyin jetedi, onıń paqalı tegis túkli tıǵız tómengi bólimi iyilgen. Japıraqları ápiwayı uzınshaq yamasa lanset tárizli, sheti tilkemlengen, ádette túkler menen qaplanǵan, tómengi japıraqları mutovka kórinisinde jaylasqan. Diametri 12 sm shekem bolǵan jalǵız gúl baldaǵında tiykarınan qızıl, sarı hám qoyıw sarı gúllerden ibarat topgúl boladı.

Gaillardia tuqımları aprel ayı aqırında jaqtı jerde 15-20 C temperaturada egiledi. Ósimlik tuqımlarınıń ónip shıǵıwı ushın optimal temperatura 15 C bolıp, tuqımları egilgennen 14-20 kúnnen ónip shıǵadı. Jas nálshelerdi quyashtıń tikkeley túsetuǵın tuwrı nurınan saqlaw kerek. Turaqlı orınlarǵa iyul-avgust aylarında kóshiriledi. Ósimlik túpleriniń arası 25 sm bolǵanı maqsetke muwapıq. Vegetaciyasınıń ekinshi jılında iyunnan suwıq túskenshe gúlleydi.

*Coreopsis lanceolata* sulıw gúlleytuǵın bálentligi 90 sm ge shekem bolǵan kóp jıllıq ósimlik. Paqalı tik shaqalanǵan japıraqları qarama – qarsı bolıp, plastinkası bólingen yáki pincet tárizli ajıralǵan. Egiw aprel, may aylarında ashıq jerge ámelge asırıladı. Qolay sharayatta birinshi nálsheler 13-15 kúnde payda boladı. Gúlleriniń diametri 6 sm. Iyuldan 60-70 kúnge shekem gúlleydi. Gúllewden kiyin ósimlikler kesiledi, hám onıń suwıqqa shıdamlılıǵı artadı.

Gúzde egiw jaqsı nátiyje beredi sebebi báhárde tuqımlar tez oyanadı, ónip shıǵadı erte gúllewdi baslaydı. Gúzde egiw waqtında egiwden aldın suwǵarılmaydı. Eger ósimlikti bir neshe jıl dawamında bir orında jetistiriw rejelestirilgen bolsa jumsartıwdan kiyin topıraq quramalı mineral birikpeler menen azıqlandırıladı.

Bul ósimliklerdi Qaraqalpaqstan topıraq sharayatına introdukciya qılıw, olardıń bioekologiyasın hám fiziologiyasın úyreniw dawam ettirilip atır. Keleshekte Respublikamızdıń klimat sharayatlarına jańa perspektivalı ósimlik túrlerin maslastırıw arqalı ósimlikler genofontın bayıtıw hám keleshekte bul ósimliklerden farmatsivtika sanaatında hámde qala hám awıllardı abadanlastırıwda dekorativlik ósimlikler sıpatında ósirip paydalanıwdı maqset ettik.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi**

1. Eshmuratov R.A. Túrli introdukciya sharoitlarida Stachys turkumi ayrim turlarining bioekologik xususiyatlari b.f.n. diss. avtoreferati. Tash. 2012. 24 b.

2. Кононков П.Ф. Интродукция растений – важный резерв в решении проблемы продовольствия и кормопроизводства // Интродукция нетрадиционных и редких сельскохозяйственных растений. Матер. конф. Т. 1. Пенза, 1998. С. 25–28.

3. Сафарова Н. К. Биология и водный режим Hibiscus esculentus L. в различных условиях интродукции. Автореф. дисс... канд...био наук. Таш 2010. -240 с.

4. Biomorphological features of Stachys species (Lamiaceae) in the conditions of introduction. International scientific journal «Internauka». № 5 (85)/2020, Pages: 7-15.